O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

A`JINIYaZ ATINDAG`I NO`KIS MA`MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

«PEDAGOGIKA» FAKUL`TETI

«PEDAGOGIKA HA`M PSIXOLOGIYa» ta`lim bag`dari
«Psixologiyalıq xızmet» pa`ninen

# KURS JUMISI

**Tema: Psixolog-konsul`tanttın` shaxs o`zgeshelikleri ha`m ka`siplik deformatsiyası**

**Qabillawshi:** A. Elmuratova

**Orinlawshi:** 3-e topar talabasi A. Ametova

**Nukus-2015**

# TEMA: Psixolog-konsul`tanttın` shaxs o`zgeshelikleri ha`m ka`siplik deformatsiyası

## R E J E :

**Kirisiw.**

a) jumistin` aktuallig`i, a`hmiyeti

b) kurs jumisi maqseti ha`m waziypalari, metodlari

**I - BAP. Psixologtın` jeke ha`m ka`siplik o`zgesheliklerinin` ulıwmalıq ko`rinisleri**

1.1. Psixologtın` psixologiyalıq ma`sla`ha`ttegi xızmeti

1.2. Ka`siplik deformatsiya ha`m ka`iplik qa`liplesiw tu`sinigi

1.3. Psixologtın` jeke ha`m ka`siplik o`zgeshelikleri.

**II-BOB. Psixolog-konsul`tantqa ta`n bolg`an jeke ha`m ka`siplik sıpatların u`yreniw usillari**

2.1. «Kommunikativlik imkaniyatın`ız qay da`rejede» testi

2.2. «Qay da`rejede sırlısız? testi

2.3. «Ko`p so`yleysizbe? testi

2.4. «Ashıq kewillisizbe?» testi

**Juwmaqlaw**

**Paydalanilg`an a`debiyatlar**

# K I R I SIW

Professional ha`m shaxs sıpatında bilimlendiriw sistemasında xızmet ko`rsetiwshi a`meliyatshı psixologlar ju`da` ko`p. Olar o`z xızmetin bilimlendiriw sistemasının` derlik barlıq orınlarında alıp barmaqta. Bu`gingi ku`nde bizlerge a`meliyatshı psixologlarg`a bolg`an za`ru`rliligimiz og`ada arttı. Mine usı ko`z-qaras psixolog shaxsına og`ada awır juwapkershilikti, awırmanlıqtı ju`kleydi.

Ha`zirgi mekteplerde oqiwshilarda qatar-ten`lesleri menen toliq qatnasti ta`miyinleytug`in psixologiyaliq sharayatlar jaratilmag`an. Sol sebepli oqiwshilar da mektepke oqiwg`a bolan unamsiz qatnas, o`zine, a`tiraptag`ilarg`a natuwri mu`na`sebet qa`liplesedi. Bunday sharayatta shaxstin` rawajlaniwi ha`m og`an juwapkerlilik penen bilim beriw mu`mkin bolmay qaldi. Sonliqtan, qolayli psixologiyaliq iqlim jaratiw, oqiwshilar ha`m u`lkenler ortasinda qiziqli sa`wbet ushin imkaniyat jaratiwg`a a`meliyatshi psixologlar, klass basshilari, oqitiwshilar, ata-analar umtiliwlari lazim.

Ma`sla`ha`t beriw isleri a`meliyatshi psixologtin` tiykarg`i ximet tu`rlerinen biri. Ma`sla`ha`t beriw isleri oqitiwshilar, ata-analar ushin alip bariladi. Ma`sla`ha`t beriw isleri individual ha`m topar tu`inde boladi. A`meliyatshi psixologlar is ta`jiriybesinen, oqitiwshilar ko`binese psixologqa to`mendegi mashqalalar boyinshi xabarlasadi. Ha`r tu`rli pa`nler boyinsha oqiwshilardin` o`zlestiriwindegi qiyinshiliqlar , topardag`i kelispewshilik jag`daylari, jeke pedagogikaliq ta`sirdin` na`tiyje bermewi, ha`r qiyli jastag`i balalardin` shan`araqliq qatnaslari, balalar ja`ma`a`tinin` qa`liplesiwi, ka`siplik ta`jiriybelerin asiriw jollari, oqiwshilardn` qa`biletleri, uqipliliqlari, qizig`iwshiliqlirin aniqlaw ha`m rawajlandiriw jollari, okiwshilar menen ka`sipke badarlaw islerin alip bariw.

**Temanin` aktuallilig`i:**

A`meliyashı psixolog belgili bir ma`niste a`tiraptag`ı insanlardın` en` jaqın rawajlanıw zonalarına ta`sir ko`rsete aladı. Sonlıqtan, a`meliyatshı psixologtın` jumıs xızmetin tu`siniw ha`m bahalaw bir qansha quramalı boladı. Onın` ja`ne bir kemshiligi sonda, ko`pshilik bul xızmetti psixologiyada ayırım sırtqı ko`rsetkishler

boyınsha bahalaydı. Bunın sebebi, birinshiden, a`meliyatshı psixologlardı jetik qa`nigelikke iye bolıwg`a tayarlawda onın` o`zlestiriw da`rejesi olarg`a ta`lim beriwshilerge baylanıslılıg`ında. Psixolog qanshelli bilimli bolmasın ol xızmet ko`rsetip atırg`an jumıs ornı jaqsı jumıstı jaqsı jolg`a qoymasa na`tiyjeli xızmet ko`rsetiw biraz qıyın keshedi. Ekinshiden, psixologtın` ulıwma jeke ha`m ka`siplik ta`repten rawajalang`anlıq da`rejesi ha`r tu`rdegi ma`deniy rawajlang`an ha`zirgi ja`miyetke qosılıp kete alıwı ha`m onda o`zin ko`rsete alıwına baylanıslı boladı. U`shinshiden, psixologtın` jeke o`mirinin` bekkemliligi bolıp esaplanadı.

Mine usı ta`repten qarag`anımızda bu`gingi ku`nde xızmet ko`rsetip atırg`an a`meliyatshı psixologlar o`zlerinin` bar bilimin, sheberliligin ko`rsetiwge hareket etpekte. Tiykarında, bir so`z etpekshi bolg`an psixologlardın` qa`biletlilik da`rejesi har qıylı bolıwını sebebi, onın` tu`rlerine bolg`an qa`biletlilikte ekenligin biliwimizge boladı.

**Temanin` predmeti:** Psixolog konsul`tanttın` shaxs o`zgeshelikleri.

**Temanin maqseti:** Psixolog konsul`tanttın` shaxs o`zgeshelikleri ha`m ka`siplik deformatsiya jag`dayın u`yreniw

**Temanin waziypalari:**

- pedagogik va psixologik a`debiyatlardi u`yrenip temag`a baylanisli mag`liwmatlar toplaw;
- temag`a baylanisli teoriyaliq mag`liwmatlar ha`m a`meliy shinig`iwlar jiynaw;

- «Kommunikativlik imkaniyatın`ız qay da`rejede» testi
- «Qay da`rejede sırlısız? testi
- «Ko`p so`yleysizbe? testi

. «Ashıq kewillisizbe?» testi

## I - BAP. Psixologtın` jeke ha`m ka`siplik o`zgesheliklerinin` ulıwmalıq ko`rinisleri

### 1.1. Psixologtın` psixologiyalıq ma`sla`ha`ttegi xızmeti

Ma`sla`ha`t beriw – psixolog-konsul`tanttın` tiykarg`i xızmetinin` biri onın` bir neshe basqıshları bar.

1. Tayarlıq basqıshı;
2. Bag`darlaw basqıshı;
3. Diagnostikalıq basqısh;
4. Usınıs beriw basqıshı;
5. Baqlaw basqıshı.

1. Tayarlıq baskıshı- bunda a`meliyatshı psixolog o`z jurnalına jazılg`an ha`m klienttin` o`zinen yamasa u`shinshi shaxstan klient haqqındag`ı mag`lıwmatlardı alıp, tanısıp shıg`adı.
2. Bag`darlaw basqıshı- bunda a`meliyatshı psixolog klient penen tanısadı, birgelikte islesiwge tayarlaydı.
3. Diagnostikalıq baskısh- bunda a`meliyatshı psixolog klientti tın`laydı ha`m onı analizlew menen mashqalanı anıqlap aladı
4. Usınıs beriw basqıshı - a`meliyatshı psixolo bunda, klient mashqalasın sheshiw ushın a`meliy usınıslar tayarlaydı.
5. Baqlaw basqıshı- bul basqıshta a`meliyatshı psixolog ha`m klient bir-biri menen belgilep alg`an usınıslar boyınsha a`melde qollawdı u`yrenedi.

Psixolog konsul`tanat- o`zinin` jeke jumıs waqtın tuwrı rejelestiriwi maqsetke muwapıq boladı. Da`slep o`z xızmetinin` ma`jbu`riyatların, sheberligin ta`jriybesin ta`miyinleytug`ın jumıs ta`rtibin du`ziwi tiyis. Sonnan ku`nlik jumıs waqtının` 10% in ma`sla`ha`t o`tkeriwge tayarlıq ko`riwge sarıplasa, 50% in klientler menen islesiwge, 20%in jeke ka`siplik ta`jriybesin asırıwg`a ajıratıwı tiyis. Psixolog - konsul`tanttın` tuwridan-tuwri ma`sla`ha`t beriw ha`m tikkeley ma`sla`ha`t beriw tu`rleri bar. Ma`sla`ha`t beriw orayinda barqulla psixolog ha`m

ma`sla`ha`t berilip atirg`an shaxstin` o`z-ara ta`sir etiw protsessii, olar arasindag`i isenimli mu`na`sebetlerdi ornatiw kiredi. Bunda psixolog ma`sla`ha`t beriwshi, oqitiwshi, ata-ana,ma`sla`ha`t beriliwshi, oqiwshi klient rolinde boladi. Psixolog aniq oqiw mekemelerindegi oqitiwshilar ha`m oqiwshilar arsindag`i mu`na`sebettin` unamli ha`m unamsiz ta`replerdin rawajlanatug`in sotsial ortalig`inin` ishinde boladi. Ol ha`r bir oqiwshi yamasa oqitiwshinin` o`zin emes, shaxslar arliq mu`na`sebetinin` quramli sistemasinda ko`redi, basqa jumis tu`rleri menen birgelikte jag`daydi to`mendegi ta`rtipte sheshedi.

1.Oqiwshi mashqalalari boyinsha olardin` birge islesiwi bilimlerdin` birigiwine imkan beredi ha`m mashqalalar o`z sheshimin tabadi.

2. Psixolog oqiwshilar ha`m talabalardin` psixologiyaliq o`zgeshelikleri, olardin` qizig`iwi, beyimliligin u`yrenedi. Qa`niyge ha`m jetik shaxs sipatinda qa`liplesiwine ja`rdem ko`rsetedi.

3. Mektepke shekemgi jastag`i balalar, oqiwshilar ha`m ka`sip-o`ner bilim jurti tin`lawshilari jan`a tiptegi mektep, joqari oqiw orni talabalarinda ushirasatug`in oqiw ta`jiriybeleri ha`m ko`nlikpelerin iyelewdegi kemshilikler, minez-qulqindag`i kemshilikler, intellektual rawajlaniw ha`m shaxs paziyletlerindegi buziliwlardi diagnostikalaydi.

4. Basqa tarawdin` qa`niygeleri mashqalalari menen birgelikte psixikaliq rawajlaniwindag`i kemshiliklerdin` ha`r tu`rliligin esapqa alg`an halda differentsial diagnositikani aniqlaydi. Assotsial minez-quliq sebepleri ha`m formalarin belgileydi. Na`shebentlik ha`m taksikomanliq, alkogolizm, urliq ha`m geziwshen`liktin` sotsial psixologiyaliq tamirlarin tekserip, olardin` faktorlarin analizleydi.

5. Ziyrek talabalar, jas qa`niygelerdi tan`lawda qatnasiw ilimiy psixologiyaliq usinislar islep shig`iw ha`m og`an tiykarlanip, olarg`a napaqalar belgilewde qatnasadi.

Psixoprofilaktikaliq islerinin` usillarinan biri pedagogikaliq-psixologiyaliq konsiliumdi sho`lkemlestiredi. Yu.K.Babanskiydin` pikirinshe oqiwshilardi

u`yreniwin jaqsi jolg`a qoyiw ushin tolik jazba usinislar jaziwg`a qarag`anda klass oqitiwshilarinin` oqiwshilar haqqindag`i pikirlerin ja`ma`a`t twrinde ko`rip shig`iu, klassqa ha`m oqiwshilarg`a individual jantasiw sharlarin islep shig`iw jaqsi na`tiyje berdi. Bunday ja`ma`a`t yuolip ko`rip shig`iwdi sha`rtli tu`de pedagogikaliq-psixologiyaliq konsilium dep ataymiz Pedagogikaliq-psixologiyaliq konsilium oqiwdan artta qaliw sebeplerin yamasa minez-qulqindag`i kemshilik na`tiyjerin ko`rip shig`iwg`a bag`darlang`an boladi.

O`spirimlerdin` psixakaliq rawajlaniw da`rejesin ha`r ta`repleme bahalaw. O`spirim diqqati, este saklawi , oylawi, qabil etiwi, so`ylewi, sezimleri ha`m t.b. u`yreniledi. Bunin` ushin ha`r qiyli testler, eksperimentler, baqlaw uqsag`an metodlarinan paydalaniladi. O`spirim shaxsin u`yreniwde to`mendegiler esapqa alinadi; a)o`spirim o`zinin` psixikaliq xizmetin o`z betinshe Erkin basqara ala alama yamasa u`lken adamlar ja`rdemine mu`ta`jbe? b)o`spirim o`zinin` ha`reket etip atirg`an jumislardin` tiykarg`i maqsetin tu`sinip, sog`an muwapiq is alip barama? v)o`spirim o`zi ku`tken maqsetke erise almag`an jag`dayda qanshelli duris bahalaydi? g) o`zi jibergen qa`telerdi du`zetiw ushin tuwri jol tan`lawi.

O`spirim rawajlaniwindag`i unamsiz o`zgerislerdi keltirip shiGariwshi, onin` oqiuina, xizmetine basqalar menen o`z-ara mu`na`sebetine tosqinliq etiwshi sebeplerdi psixologiyaliq ta`repten u`yreniw. Misali, o`spirimnin` aqiliy rawajlaniwi artta kalg`an boliwi mu`mkin. Bul bolsa o`spirimnin` oqiw materiallarin, is-ha`reket qag`iydalarin o`zlestiriwdi, oqiw ja`ma`a`tine ko`nligiwdi qiyinlastiradi. O`spirimdegi o`zgerislerdin` sebepleri biologiyaliq o`zgeshelikke iye boliwi da mu`mkin. Bul jag`dayda o`spirimnin` o`z do`geregindegi adamlar menen mu`na`sebetleri, olar menen kelispewshilik sebepleri, o`zin-o`zi bahalawi, o`zin psixologiyaliq ta`repten qorg`aw usillarinan paydalaniwi ha`m b u`yreniledi

O`spirimnin` kamalatqa erisiwinde unisiz o`zgerisler qanday na`tiyjelerge alip keliwin bahalaw. Bag`darda o`spirimnin` turmisi, onin` okiwi, ja`miyettegi abirayi h.b. esapqa alinadi.

O`spirimlerge ja`rdem beriwdin` en` qolay jollarin aniqlaw. Beriletug`in ja`rdem de har qiyli boliwi mu`mkin. Misali, ata-ana menen islesiw, olardi pedagogikaliq ta`repten ta`rbiyalaw, o`spirim oqiwin tuwri sho`lkemlestiriw ushin individual reje du`ziw, o`z u`stinde islew rejesin du`ziw, o`spirimnin` sezimleri yamasa xarakterindegi unamsiz o`zgerislerge qarsi gu`res alip bariw h.t.b

Ma`sla`ha`t beriw isleri a`meliyatshi psixologtin` tiykarg`i ximet tu`rlerinen biri. Ma`sla`ha`t beriw isleri oqitiwshilar, ata-analar ushin alip bariladi. Ma`sla`ha`t beriw isleri individual ha`m topar tu`inde boladi. A`meliyatshi psixologlar is ta`jiriybesinen, oqitiwshilar ko`binese psixologqa to`mendegi mashqalalar boyinshi xabarlasadi. Ha`r tu`rli pa`nler boyinsha oqiwshilardin` o`zlestiriwindegi qiyinshiliqlar , topardag`i kelispewshilik jag`daylari, jeke pedagogikaliq ta`sirdin` na`tiyje bermewi, ha`r qiyli jastag`i balalardin` shan`araqliq qatnaslari, balalar ja`ma`a`tinin` qa`liplesiwi, ka`siplik ta`jiriybelerin asiriw jollari, oqiwshilardn` qa`biletleri, uqipliliqlari, qizig`iwshiliqlirin aniqlaw ha`m rawajlandiriw jollari, okiwshilar menen ka`sipke badarlaw islerin alip bariw.

Rawajlandiriwshi ha`m korrektsion isler psixolog ta`repinen ha`r qiyli formalarda, jag`daylarda sheshiledi.

A) A`meliy psixologtin` arnawli isi.

B) shinig`iwlardin` ayirim balalar, oqiwshilar, talabalar toparina ta`rbiyaliq ta`sir o`tkeriwge bag`darlang`an boladi.

V) ata-analar, pedagogikaliq ja`ma`a`t qatnasiwinda ta`rbiyaliq sharalar ta`rizinde shinig`iwlar alip bariw na`zerde tutiladi.

Ha`zirgi mekteplerde oqiwshilarda qatar-ten`lesleri menen toliq qatnasti ta`miyinleytug`in psixologiyaliq sharayatlar jaratilmag`an. Sol sebepli oqiwshilar da mektepke oqiwg`a bolan unamsiz qatnas, o`zine, a`tiraptag`ilarg`a natuwri mu`na`sebet qa`liplesedi. Bunday sharayatta shaxstin` rawajlaniwi ha`m og`an juwapkerlilik penen bilim beriw mu`mkin bolmay qaldi. Sonliqtan, qolayli psixologiyaliq iqlim jaratiw, oqiwshilar ha`m u`lkenler ortasinda qiziqli sa`wbet

ushin imkaniyat jaratiwg`a a`meliyatshi psixologlar, klass basshilari, oqitiwshilar, ata-analar umtiliwlari lazim.

## 1.2. Ka`siplik deformatsiya ha`m ka`siplik qa`liplesiw tu`sinigi

Ka`siplik deformatsiya tu`sinigi ka`siplik xızmet ham ka`siplik ortılıqtın` shaxs psixologiyasına bolg`an ta`sirin bildiriwshi tu`sinik bolıp, ol bu`gingi ku`nge deyin psixologiyada ju`da` kem u`yrenilgen. R.M.Granovskiydin` pikirinshe, shaxstın` ka`siplik roli onın` jeke o`zgesheliginde u`lken rol` oynaydı, ko`p jıl dawamında bir tu`rdegi ka`sipte xızmet ko`rsetiw na`tiyjesinde ondag`ı jeke ham ka`siplik o`zgeshelikler birlesip, shaxs psixologiyasına sin`ip ketedi dep tu`sindiredi. Haqıyqatında da, ka`siplerdin` o`zine say talapları bolg`anlıg`ı sebepli, onı orınlawda da xızmetkerden belgili bir sıpatlardı talap etedi. Mısalı, bazıbir ka`sip tu`rlerinde shaqqanlıq ju`da` kerekli sıpat bolsa, al bazıbir ka`sip tu`rinde shaqqanlılık ornına shıdamlılıq, a`ste ha`reket etiw payda beredi. Mine usı ko`z-qarastan kelip shıg`ıp, xızmet protsessin orınlawdag`ı belgiler onın` xarakterine aralasıp, sin`ip barıw halatları ko`rinedi.

«Deformatsiya» so`zi latın tilinen alınıp, sırtqı ortalıq ta`siri astında shaxs xarakterinin` o`zgeriwi degen ma`nisti an`latadı. Ol fizikalıq ha`m psixologiyalıq jaqtan o`zgeriske ushırawdı bildiredi. Ka`siplik deformatsiya ha`m ka`siplik qa`liplesiw basqıshları turmıs jolı menen muwapıq ta`rizde ko`rilip shıg`ıladı. Sonlıqtan, waqıt a`tirapında turaqlı shegaralanıp qaladı. Sotsiallıq tarawlarda xızmet etiwshi shaxstın` ka`siplik qa`liplesiwin u`yreniwde insannın` imkaniyatların tolıq ashıp beriwshi sub`ekt ha`m sotsal ortalıq arasındag`ı tu`rli sotsiallıq baylanıslar tipii jaratıldı. Ha`r bir sotsiallıq baylanıslar jekkelik ha`m toparlıq sıyaqlı kishi tiplerge bo`linedi. Birinshi tipte sub`ekt o`zin «tapqan», o`zinde ha`m xızmetinde o`zin o`zgerttiriwdi qa`lemewi menen belgilenedi. Ekinshi tipte bolsa, sub`ekt o`z-o`zin «izlewi» menen ko`rinedi. Bul o`tiw, aralıq jag`day esaplanadı. İndivid bir formanı ta`rk etip, ja`miyettin` basqa joqarı da`rejesine erisedi.

Shaxstın` ka`siplik qa`liplesiwi boyınsha S.L.Rubnshteyn insannın` turmısqa bolg`an mu`na`sibetin 2 usılda ajıratıp ko`rsetti. Birinshi usıl – bul insandag`ı barlıq mu`na`sibetler tolıq emes, ba`lkim ayırıqsha ha`diyselerge kiriwshi o`mir esaplanadı. Bunday mu`na`sibette insan o`mir sub`ekti esaplanbaydı, sonın` menen birge onnan ayırıksha da bolmaydı. Bul jerde turmıstın` o`zi «ta`biyiy protsess sıpatında» ko`rinedi, insan turmıs ta`rizi menen onı tolıqtırıp baradı. Sotsiallıq turmıs insan ornına sub`ekt sıpatında ko`rinedi. Bull jerde a`dep-ikramlılıq, ayıpsızlıq, jamanlıq qılmaw, ta`biyiylik, insannın` ta`biyiy jag`dayı sıpatında sa`wlelenedi ha`m sonın` menen bir qatarda jaqsılıq ha`m jamanlıq o`z-ara baylanıslı boladı. Bull usıl insannın` o`miri o`zi-o`zinen qa`liplesetug`ın o`mir-avtomat baylanıslarına kiriwshi o`zgeshelik sıpatında belgilenedi.

Ekinshi usıl – ishki refleksiyanın` ko`rinisi menen baylanıslı bolıp, ol «turmıstın` bul u`zliksiz protsessin toqtatıp qoyıwı, u`zip qoyıwı mu`mkin ha`m insandı ideyalar du`n`yasınan shıg`arıp jiberedi. İnsan ideyalar du`n`yasınan sırttag`ı pozitsiyanı iyeleydi». Bunday refleksiyanın` ko`rinisi turmıslıq qa`driyatlar sistemasın anıqlaw menen baylanıslı boladı. S.L.Rubnshteyn usı jag`day menen waqıyanın` jan`a usılına o`tiw imkaniyatın baylanıstıradı. Tikkeley baylanıslardı u`ziw ha`m olardı jan`asha dizimler tiykarında tiklew ekinshi usılg`a o`tiw menen tamamlanadı.

Shaxs ham ka`siplik xızmettin` quramalı ha`m de ko`p tu`rdegi baylanısları shaxstın` psixik basqarıwı, shaxs xarakterin diterminatsiyalawshı funktsiyaları ha`m du`zilislerinin` o`zine ta`n o`zgeshelikleri, sonday-aq, ka`siplik xızmettin` waqıt ha`m orın sıyaqlı basqa arnawlı tu`rleri menen sha`rtlengen. Bul shaxs- ka`siplik xızmet mu`na`sibetler dinamikasın ta`miyinleydi, yag`nıy o`z-ara ko`nligiw, shaxs komponentleri ha`m ka`siplik xızmetke adaptatsiyasında ko`rinedi. Bul protsess tek g`ana shaxstın` psixik komponenlerinin` aktivlesiwi, xızmet maqseti, wazıypaları ha`m mazmunın adekvat ta`miyinlew sistemasının`

qa`liplesiwi menen sheklenip qalmastan, sonın` menen bir qatarda shaxstın` ayırıqsha sıpat ha`m o`zine ta`n ta`replerinin` qa`liplesiwi menen muwapık boladı.

Shaxstın` ka`siplik xızmeti xarakteri menen baylanıslı tu`rde rawajlanıw protsessii bir qatar jeke shaxslıq ha`m ka`siplik xızmet faktorlarının` o`zine ta`nliginen kelip shıg`adı. Bull rawajlanıw shaxstın` anıq, tipik turmıslıq ha`m ka`siplik sharayatlarda adekvat ha`m de isenimli ha`reketlerdi ta`miyinlewge, ka`siplik xızmetti aktivlestiriw ushın za`ru`r bolg`an shaxs du`zilisi ha`m turaqlı sıpatlardın` qa`liplesiwine bag`darlang`an boladı. Bizge ma`lim, maqsetke bag`darlang`an minez-qulıq birinshi na`wbette, ka`siplik xızmet ushın shaxs rawajlanıwın stimullastırıwshı sırtqı xızmet ha`m sotsiallıq faktorlar ha`mde shaxs o`zesheliklerinin` o`z-ara ta`sirinde ko`riniwi menen belgilenedi. Sonın` menen bir waqıtta, shaxstın` ka`siplik xızmetke bag`darlang`anlıg`ı onın` maqset ha`m wazıypaların a`melge asırıwg`a bolg`an ustanovkaları, sub`ekttin` miynet protsessine shaxstın` psixologiyalıq o`zgeshelikleri arqalı anıqlanıwshı joqarı imkaniyatların qollaw ta`jriybesi ha`m mazmunına beyimlesiwi, ko`nligiwine umtılıwı menen baylanıslı.

Shaxstın` jetiskenligi - bul shaxs o`zinin` turmıslıq ha`m ka`siplik za`ru`rliklerin tolıq basqarıwı esaplanadı ha`m ja`miyettin` anıq tarawlarında, ka`siplik xızmette na`tiyjeli qatnasadı. Sonday-aq, shaxs ka`siplik xızmette jeke ta`jriybeler arttırıwı menen birge ja`ma`a`tlik ta`rtip, shaxslar aralıq mu`na`sibetler boyınsha da aktivlesip baradı. Na`tiyjede ka`siplik xızmet shegarası ken`eyedi, jan`asha minez-qulıq strategiyaları ju`zege keledi, jeke miynet protsessi ha`m onın` na`tiyjelerine ha`m de juwapkershilik sezimi artadı.

Shaxstın` ka`siplik qa`liplesiwinede onın` qa`nigege aylanıw protsessi ka`siplik xızmettin` operatsional ta`repin iyelew qa`biletin izlew ha`m jaratıw, xızmettin` psixologiyalıq komponentlerinin` o`z-ara baylanısı ha`m mazmunın o`zlestiriwin o`z ishine aladı. Sub`ekttin` psixik tarawın u`yreniw na`tiyjelerine qaray ka`siplik xızmette qa`nige shaxsının` qa`liplesiwinin` basqarıw protsessii menen psixik funktsiyalarının` rawajlanıw jag`dayı ortasındag`ı baylanıslardı

tu`siniw u`lken a`hmiyetke iye. Bunda ka`siplik xızmettin` shaxsqa ta`siri xarakterin sa`wlelendiriwshi, ka`siplik xızmet jetiskenlikleri da`rejesin anıqlap beredi. Ka`siplik xızmette shaxstın` qa`liplesiwi, o`zinin` turmıslıq pozitsiyasına, maqseti ha`m ha`reketler da`stu`rine, xızmet protsessi ha`m na`tiyjeleri boyınsha shaxstın` ka`liplesiwisub`ekttin` shaxs rawajlanıwı nızamlılıqların jen`ip o`tiwi, ka`siplik xızmet ta`sirinde onın` turmıqa psixologiılıq jaqtan qarawının` o`zgeriwi na`tiyjesi esaplanadı.

Shaxstın` ka`siplik rawajlanıwı onın` ka`siplik qa`liplesiwine ha`m na`tiyjede ka`siplik deformatsiyag`a aylanıwına ta`sir jasaydı. Sonlıqtan psixologiyada shaxstın` ka`siplik rawajlanıwının` eki basqısh ajıratılıp ko`rsetilgen.

1. Progressiv basqısh - shaxstın` ka`siplik jetiskenliklerine erisiwi bolip, da`slep shaxstın ka`siplik xızmetindegi motivleri, ka`siplik qa`biletleri, ka`siplik bilim, uqıp ha`m ko`nlikpeleri menen baylanıslı boladı. Ka`siplik xızmet shaxstın` barlıq ta`biyiy ha`m turmıslıq za`ru`rliklerin qanaatlandırıw xarakterine iye. Shaxstın` ka`siplik jetiskenliklerine erisiwinde onın` barlıq ka`siplik maqsetleri ayqın ko`rinedi.

2. Regressiv basqısh - ka`siptin` natuwrı tan`lanıwı yamasa ka`siplik xızmettin` barısında shaxstın` jasaw sharayatı basqada ta`sirler na`tiyjesinde keypiyatsızlıg`ı, tapsırmalardın` ko`pligi ha`m onı orınlaw mu`ddetinin` azlıg`ı sebepli kelip shıg`atug`ın zorıg`ıw, sharashaw payıtların o`z ishine aladı. Sonday-aq, ha`r bir ka`siptin` xarakteri boyınsha talaplarg`a shaxslıq xarakterdin` say kelmesligi sebep bolıwı mu`mkin.

Bunnan basqa ka`siplik identifikatsiyalar ka`siplik deformatsiyanın` qa`liplesiwine sebepshi bolatug`ın tiykarg`ı jag`daylar esaplanadı. Ka`siplik qa`liplesiw protsessinde sub`ekt o`zin o`z ka`sbinin` wa`kili, ol yamasa bul ka`siplik sıpat iyesi yamasa belgili bir rawajlanıw basqıshındag`ı qa`nige sıpatında identifikatsiyalaydı. Sonın` ushın da «jeke-sotsiallıq» kontiniumdagı ka`siplik sıpatlar ba`ribir sotsiallıq shegarag`a jaqın ha`m sotsiallıq sıpatlarg`a iye boladı.

Sotsiallıq identifikatsiya o`mirdegi o`z-ara birge islesiwler, sotsiallıq salıstırıwlar ha`m sub`ekttin` sotsiallıq du`zilisinin` tayanısh sisteması sıpatında ko`riniwshi aktiv sotsiallıq ta`limdi jolg`a qoyıw na`tiyjesinde payda bolıwshı dinamikalıq protsess sıpatında ju`zege keledi. Biz sotsiallıq identifikatsiya jeke kognitiv, motivatsion ha`m qa`driyatlar sistemasın o`z ishine qamtıp alıwın ko`riwimiz mu`mkin.

Ka`siplik identifikatsiya xızmet ha`m onın` menen baylanıslı bolg`an o`z-ara birge islesiwdin` individual emotsional bilimler menen bayıtılıwı, xızmetke bag`darlang`an ta`sir astında ju`zege keliwshi shaxstın` o`zin-o`zi an`lawı sıpatında ko`rip shıg`ıladı. Bul bilimlerge muwapıq ta`rizde individ qa`driyatlar dizimin, miynet ja`ma`a`tine ta`n minez-qulık formaların ha`m miynet ja`ma`a`tinin` status-rolli, a`dep-ikramlıq, motivatsion ta`sirlerge muwapıq maqsetlerdi de o`zlestiredi.

Ka`siplik identifikatsiya qa`nige shaxsının` qa`liplesiwindegi a`hmiyetli talaplarınan biri bolıp, ka`siplik rawajlanıw, ka`siplik o`zin-o`zi an`law ha`m ka`siplik o`zin-o`zi anıqlaw sıyaqlı tu`sinikler menen u`zliksiz baylanıslı boladı. Son`g`ı jıllarda mine usı kontekste identifikatsiya psixologlar ta`repinen intensiv ta`rizde u`yrenilip kelinbekte.

Kasiplik jetilisiwde ka`siplik sıpatlarg`a erisiw ju`da` a`hmiyetli qubılıs bolıp, ol sotsiallıq sharayatlarg`a baylanıslı bolg`an jeke ha`m ka`siplik rawajlanıwdın` na`tiyjesi esaplanadı. Ka`siplik sıpatlar tek g`ana ka`sipti joqarı da`rejedegi ta`jriybe menen basqarıw arqalı qa`liplesedi ha`m xızmet protsessinin` tiykarg`ı elementlerin turaqlı, muwapıqlılıq sıpatında ko`rinedi, degen ideyanı beredi. Ka`siplik sıpatlardın` elementleri ta`rizinde za`ru`rlikler, qızıg`ıwlar, ustanovkalar, isenim ha`m ka`sip arkalı a`melge asırılıwshı shaxs motivatsion tarauının` basqa komponentleri ko`rip shıg`ıladı. Ka`siplik sıpatlarg`a erisiw ushın aktivlilikti a`melge asırıwdı ta`miyinlewshı za`ru`rli bilim ha`m qa`biletlerge iye bolıwı lazım. Sonda g`an ka`siplik qa`liplesiw, ka`siplik rawajlanıw ha`m ka`siplik deformatsiya izbe-izliligi, sistemalılıg`ı ta`miynlenedi.

### 1.3. Psixologtın` jeke ha`m ka`siplik o`zgeshelikleri.

Professional ha`m shaxs sıpatında bilimlendiriw sistemasında xızmet ko`rsetiwshi a`meliyatshı psixologlar ju`da` ko`p. Olar o`z xızmetin bilimlendiriw sistemasının` derlik barlıq orınlarında, atap aytqanda, balalar u`ylerinde, balalar baqshalarında, mektep internat ha`m arnawlı mekteplerde, ulıwma orta ta`lim ha`m orta arnawlı oqıw orınlarında alıp abarmaqta. A`meliyatshı psixologlar qay jerde islemesin, tu`rli jastag`ı ha`m tu`rli jag`daydag`ı shaxslar menen is alıp baradı. Bu`gingi ku`nde bizlerge a`meliyatshı psixologlarg`a bolg`an za`ru`rliligimiz og`ada arttı. Bul za`ru`rliliklerdi, mashqalalı jag`daylardı tu`siniwshi qa`nige-psixolog dep qaraladı. Mine usı ko`z-qaras psixolog shaxsına og`ada awır juwapkershilikti, awırmanlıqtı ju`kleydi. Pu`tkil insaniyat na`zerinde psixolog qa`nige retinde ha`dden zıyat bilim iyesi sıpatında esaplanıwı onın` shaxs sıpatındag`ı belgilerinin` na`zerde tutılmawı sebebinen natuwrı bahalanadı. O`ytkeni, «Psixolog- bul kim?» degen sorawg`a juwap alıu arqalı da bug`an anıqlıq kiritiwimizge boladı.

Degen menen psixolog - bul a`piwayı shaxs, insan esaplanadı. Ol qanshelli jetik kamalatqa erisken bolsa g`ana o`z tarawının` jetik qa`nigesi bola aladı. Sebebi, a`meliyashı psixolog belgili bir ma`niste a`tiraptag`ı insanlardın` en` jaqın rawajlanıw zonalarına ta`sir ko`rsete aladı. Sonlıqtan, a`meliyatshı psixologtın` jumıs xızmetin tu`siniw ha`m bahalaw bir qansha quramalı boladı. Onın` ja`ne bir kemshiligi sonda, ko`pshilik bull xızmetti psixologiyada ayırım sırtqı ko`rsetkishler boyınsha bahalaydı. Bunın sebebi, birinshiden, a`meliyatshı psixologlardı jetik qa`nigelikke iye bolıwg`a tayarlawda onın` o`zlestiriw da`rejesi olarg`a ta`lim beriwshilerge baylanıslılıg`ında. Psixolog qanshelli bilimli bolmasın ol xızmet ko`rsetip atırg`an jumıs ornı jaqsı jumıstı jaqsı jolg`a qoymasa na`tiyjeli

xızmet ko`rsetiw biraz qıyın keshedi. Ekinshiden, psixologtın` ulıwma jeke ha`m ka`siplik ta`repten rawajalang`anlıq da`rejesi ha`r tu`rdegi ma`deniy rawajlang`an ha`zirgi ja`miyetke qosılıp kete alıwı ha`m onda o`zin ko`rsete alıwına baylanıslı boladı. U`shinshiden, psixologtın` jeke o`mirinin` bekkemliligi bolıp esaplanadı.

Mine usı ta`repten qarag`anımızda bu`gingi ku`nde xızmet ko`rsetip atırg`an a`meliyatshı psixologlar o`zlerinin` bar bilimin, sheberliligin ko`rsetiwge hareket etpekte. Tiykarında, bir so`z etpekshi bolg`an psixologlardın` qa`biletlilik da`rejesi har qıylı bolıwını sebebi, onın` tu`rlerine bolg`an qa`biletlilikte ekenligin biliwimizge boladı.

Psixologlar tiykarınan xızmet mazmunına qaray 2 tu`rge ajıratıladı.

1. A`meliyatshı psixolog;
2. Teoretik psixolog.

A`meliyatshı ha`m teoretik psixologlardın` jumıs mazmunının` ha`m ka`siplik portretinin` ayırmashılıqları haqqında birinshi bolıp R.Kettel izertlew alıp barıp, onın` jumıs mazmunı boyınsha ko`rsetpeler islep shıqtı. Bunda ol psixologlardı ulıwma 3 shkala boyınsha ajıratıp ko`rsetti.

1. «A» shkalası: yag`nıy, baylanısqa tayarlıq ko`riw shkalası;
2. «V» shkalası: yag`nıy, ulıwma intellektuallıq da`rejesi shkalası;
3. «N» shkalası: yag`nıy, baylanıstı uslap qalıw qa`bileti shkalası.

Joqarıdag`ı ko`rsetilgen shkalalar tiykarınan 2 tu`rdegi ha`m a`meliyatshı ha`m teoretik psixologlar ushın da birdey bolıp, degen menen olardag`ı ko`rsetkishler ha`r qıylı da`rejeni ko`rsetedi eken. Mısalı, a`meliyatshı psixologlarda «N» shakalası yag`nıy, baylanıstı uslap qalıw qa`bileti shkalası boyınsha ko`rsetkishler aytarlıqtay da`rejede doqarı bolmaytug`ınlıg`ı anıqlang`an. «A» shkalası, yag`nıy baylanısqa kirisiwshen`lilik, an`satlıq penen tezde jaqsı mu`na`sibet ornata alıwshılıg`ı joqarı bolg`an. Sonday-aq, «V» shkalası da jaqsı ko`rsetkishti ko`rsetken. Al, teoretik psixologlarda «N» shkalası, yag`nıy baylanıstı uslap qalıw qa`bileti boyınsha ko`rsetkish joqarı da`rejede bolatug`ınlıg`ın ko`rsetken. Qalg`an shkalalar ko`rsetkishleri orta da`rejede bolg`an. Degen menen

ja`ne bir «H» shkalası a`meliyatshı psixologlarg`a g`ana ta`n bolıp ol «sır saqlay alıwshılıq» ha`m sotsallıq ku`shlilik ta`repi joqarı bolatug`ınlıg`ı anqlandı.

Bunnan ko`rinip turg`anınday teoretik ham a`meliyatshı psixologlardın` ka`siplik qa`biletlilik da`rejelerinde de o`zgerisler bolatug`ınlıg`ı ma`lim.

Psixolog alımlar N.V.Bachmanov ha`m N.A. Stafurinlar ta`repinen o`tkerilgen «Eksperet sorawnama»sı na`tiyjesinde psixologlarda jetekshi ha`m a`hmiyetli bolg`an ka`siplik sıpatlardın` biri- bul, ha`r qanday mashqalanı a`meliyatta qarım-qatnas protsessinde sheshe alıw qa`bileti yag`nıy qarım-qatnastag`ı talantlılıq belgilsi ekenligi anıqlandı. Olar to`mendegi bo`linedi:

1. Shaxstı tolıq ha`m tuwrı qabıl etiw. Bunda psixologqa ta`n bolg`an baqlawshan`lıq, situatsiyanı tez tu`sine alıwı ha`m onı tuwrı bag`darlaw menen ashıp ko`rsetiwge bolg`an qa`bileti u`lken a`hmiyetke iye.
2. Shaxs du`zilisin ha`m o`zgesheligin tu`sine alıw. Bunda sa`wbetlestin` ishki du`n`yasın ko`re alıwı yag`nıy intuitsiya qa`bileti orın iyeleydi.
3. Da`rtles bola alıw. Psixologtın` empatik, seziwshen`lik, ja`rdem beriwge barqulla tayarlıq da`rejesi menen belgilenedi.
4. O`z-minez qulqın analizlew yag`nıy refleksiya. Bunda psixolog sawbetleske qarap onın` ornında o`zin qore alıwı bolıp, onın` na`zeri menen o`zin ko`re alıw qa`bileti esaplanadı.
5. O`z-o`zin ha`m qarım-qatnas protsessin basqara alıw. Bunda bolsa, psixologlar ushın en` za`ru`ri bolg`an o`zin-o`zi basqarıw, qadag`alap barıw menen a`hmiyetli.

Ja`ne bir psixolog alım Fikuyanın` pikirinshe, psixologlarda doslıq sezimi, qarım-qatnasqa kirisiwshen`lik, basqalardın` pozitsiyasın tu`siniwge umtılıwshan`lıg`ı, sabırlılıgı, ku`shli este saqlawshan`, ha`r qanday xızmetti orınlawg`a bolg`an qa`bileti, ashıq ju`zli bolıwı kerekligin atap o`tedi. Al, psixolog T.A.Verniyaev (1996) psixologiya qa`nigeliginde ta`lim alıwshı talabalardın` da o`zine ta`n bolg`an basqa qa`nigeliktegi talabalardan parıq qılıwshı belgilerinin` bar ekenligin ko`rsetip berdi. Olarda, joqarı intuitsiyalılıqqa bolg`an talpınıwshılıq,

seziwshen`lilik, ekstrovertlilik ha`m rejelestiriwge bolg`an qa`biletlilik bara-bara rawajlanıwın atap ko`rsetedi.

Psixolog D.D.Shirapov (2004) psixologiya boyınsha oqıtıwshılardın` psixologiyalıq sıpatların bir qatar ko`rsetkishler tiykarında sanap berdi. Olar: juwapkerlik, qarım-qatnasqa kirisiwshen`, sabırlı, seziwshen`, turaqlı, erkin, oyshıl, ken` peyil, ashıq kewil, haqıykatshıl, printsipial, puqta, abaylılık penen ba`rha sergek turıwı, a`lpayım bolıwın atap ko`rsetti.

N.A.Aminov ha`m M.V.Molokanovlardın` izertlewleri boyınsha psixologlardın` shkalaları bir qansha ken`eyttirildi. Onda a`meliyatshı psixologlarda to`mendegi belgiler boyınsha aktivlilik gu`zetilgen:

- «A» shkala, (baylanısqa tayarlıq);
- «H» shkala, (baylanısta basqarıwshan`lıq, sotsiallıq u`stinlik);
- «C» shkala, (qarım-qatnas protsessinde o`zin-o`zi emotsional baqlawshan`lıq qa`bileti);
- «F» shkala, (emotsional jaqtan basqalardı o`zine tartıwı);
- «V» shkala, (intellektuallıq);
- «I» shkala, (o`tkir seziwshen`lik, klienttin` otsional jag`dayın basqarıw qa`bileti);
- «$Q_1$» shkala, (mashqalanı bastan keshire alıw, o`z ha`reketlerine joqarı juwapkershilikli bolıwı);
- «$Q_2$» shkalası, (individuallıq, sheshimge keliw qa`bileti);
- «$Q_4$» shkalası, (frustratsiya, o`z komponentinin` shegarasın anıqlaw)

Al, teoretik psixologlarda bolsa to`mendegi belgiler ayırıqsha ko`rinedi:

- «N» shkalası, yag`nıy qarım-qatnasta suwıq mu`na`sibet ornatıw,
- «$Q_3$» shkalası, sa`wbet barısında turaqlılıq sıpatlarının u`stinligi bayqalg`an.

Joqarıdag`ı pikirlerden son` soraw tuwıladı. «Mektepke qanday psixolog kerek? A`meliyatshi ma yamasa teoretik psixolog pa?». Bul qızıq soraw. Demek psixologlardın` har tu`rli bolıwına sebep bar. Mektepte o`zlerin psixolog dep esaplaytug`ın qa`nigeler menen sa`wbetleskeimizde olardın` teoretik yamasa a`meliyatshı psixolog ekenliklerin ajıratıwımız mu`mkin. Demek, bu`gingi ku`n

mektep a`meliyatın a`meliyatshı psixologtın` jumısı tolıq qanaatlandıradıma yamasa teoretik qa`biletke iye bolg`an psixolog qa`nigeler me?

Ko`z aldımızg`a keltireyik, kem ga`p bolıp, basqalardı o`zine qarata alıwı biraz qıyın bolg`an psixolog penen kirisiwshen`, adamlardı tez o`zine qara alatugın psixolog ortasında xızmet ko`rsetiwi boyınsha parıqlar qanday boladı. Bunın na`tiyjesinde ha`r tu`rli ta`sirler alımıwımız mu`mkin. Biraq, barlıq adamlar ha`r tu`rdegi ka`sipke, xa`r tu`rdegi bilimge ham ha`r tu`rdegi ka`siplik minez-qulıqka iye boladı. Bazıda qansha tu`rdegi adam bar bolsa, sonsha tu`rdegi psixolog kerek dep sanaladı. Haqıyqatındad da ha`r bir psixologtın` individual ka`siplik stilistika mashqalası boladı. Ha`r bir psixologtın` xızmet protsessindegi parqı onın` jeke o`zgeshelileri menen baylanıslı bolıp qalmastan, onın` teriyalıq ha`m a`meliy psixologiyag`a bolg`an ko`z-qarasına da baylanıslı boladı.

Teoriyalıq psixologiyada a`meliy psixologiya menen baylanıslı bolmag`an pikirler gu`resi boladı. Onda shaxs psixologiyası anotomiyalıq ko`riste u`yreniledi yag`nıy psixologiyalıq protsessler, xızmetler tu`rleri tiykarında qarap o`tiledi. Teoretik psixolog ja`miyette insan faktorının` o`zine ta`n bolg`an ta`replerin analizlep barıw arqalı izertley otırıp a`meliyatqa jetispey turg`an ideyalardı, bilimlerdi, ta`rtip-qag`ıydalardı islep shıg`ıp beredi. Al, a`meliy psixologiya bolsa teoriyalıq bilimlerdi a`meliyatta hızmet protsessinde, birge islesiw protsessinde sheberlik penen orınlawdı ta`miyinleydi. Sonlıqtan bu`gingi ku`n mekteplerimizde a`meliyatshı psixologlarg`a bolg`an talap joqarı.

## II-BOB. Psixolog-konsul`tantqa ta`n bolg`an jeke ha`m ka`siplik sıpatların u`yreniw usillari

### 2.1. «Kommunikativlik imkaniyatın`ız qay da`rejede» testi

Soraularga «aua», «yak», «bilmedim» yaki xayraman juuaplarınan birin tanlan?

1.Juuapkerli jumıska dus kelgeninizde jureginiz kattı sogama?

2. Den-saulıgınız tomenleginde doktor shakırasızba ?

3. Miymanxana tayar bolmasa baska kalaga barıuga bas tartasızba?

4. Baska adamga keshirmelerinizdi aytasızba?

5.Xar kıylı aulad ortasında omir maselesinde kelispeushilikler boladı dep esaplaysizba ?

6.Bir neshe ay aldın tanıskanınızga bergen bes juz sum pulınızdı sorauga uyalasızba?

7. Kafeda sıpatsız aukat keltirse undemeysizbe ?

8.Vagonda bir neshe sagat boten jolaushı menen ketip baratırsız sozdi siz baslaysızba ?

9. Naubette turıu maksetinizge erisiu ushın zarurlik bolsa xam ozinizdi uzak naubet kutiuden uaz keshesizbe?

10.Baslıklar ortasındagı bolgan maseleni sheshiude ozinizdi alıp kashasızba?

11. Birar adebiyat yaki sanaat xakkında gap ketse oz pikirinizdi kosasızba ?

12. Sizge belgili bolgan masele boyınsha turı emes pikir esitseniz undemey turasızba ?

13. Sizden is yaki okıu boyınsha jardem sorasa narazı bolasızba?

14. Oz pikirinizdi auızeki aytıu imkaniyatı bolsa xam jazba rauishte bayan etiudi tauir koresizbe?

**Natiyjeler :** Aytılgan 14- soraudın xammesine ashık keuil menen juuap berin xam ochkolar jıyındısın tabın. Eger siz

«aua» dep juuap berseniz- 2 ochko

bilmedim, xayraman- 1 ochko

Jok – 0 ochko

***30-32*** siz «kamunikabel» mensiz yagnıy katnaska ıktıyaj sezbeysiz. Bul kasiyetlerden oziniz kobirek jabirlenesiz. Jakınlarınız siz benen katnaska kirisiuge kıynaladı. Topar islerin sizge tapsırıp bolmaydı. Adamlar menen kobirek katnasta bolıuga uyrenin.

***25-29.*** Siz ingdemeysiz az soyleysiz, jalgızlıktı jaktırasız, sizdin bul kasiyetiniz ozinizge jakpaydı.

***19-24*** . Atiraptagılar menen kobirek birge bolasız xam biytanıs jagdayda ozinizge isenesiz, jana maseleler sizdi shoshıtpaydı, adamlar menen kelise alasız, tantısıularda katnasıudı onshelli jaktırmaysız.

## 2.2. «Qay da`rejede sırlısız? testi

1. Jakın insanınızga sauga tayarlap koydınız, ol bayram aldınan jakınlasmastan aldın siz algan narse ogan juda kerek ekenligin aytıp kaldı. Siz…

   a. Xesh narse bolmaganday otıra beresiz -1

   b. Kulip koyasız – 3

   v. Bayramdan aldın ogan saugaenı tapsırasız- 5

2.Jumıska yaki mektepke bara almasanız baslıktı isentire alatınday sebep taba alasızba ?

   a. Albette -:

   b. Onshelli epley almayman – 5

   v. OTirik soyleudi kelistire almayman- 3

3. Jakın dostınızdın xayalın baska erkek penen korip kaldınız, bul xakkında ogan aytasızba ?

   a. nege aytıu kerek, shart emes-:

b. Albette,  otirikti kotere almayman- 5

v. Kop uakıt oylasıp juremen – 3

4. Sizdi koz boyaaushılık, aldau manisinde payda etilgen oyınga tartısıp bir tiyinsiz kaldındı, bul xakkında uydegilerge aytasızba ?

a. Jok uyalaman-:

b.  Aua xesh bolmasa keuil aytar – 3

v. Ursatının bilsemde aytpayman- 5

5. Perzentlerimiz  dukanda urlık kıldı, bunı tanıs bilislerinizden sır tutasızba ?

a. Albette, sebebi bul uyat-:

b. Jok omirimde  xamme nerse bolıuı mumkin- 5

v. Tek dosları menen maslaxatlasaman -3

**Natiyjeler :**

***5-11.*** Siz tabigatan sırlı  insansız. Eger jagday sonnı korsetse baskalardı sonday aldaysız, xesh kim bunın otirik ekenin bilmeydi. Eger birar-bir maglıumattı sır saklau kerek bolsa bul sipzdin oziniz benen kaladı.

Albette bunday kasiyettin omirde kop paydası tiyedi. Birak kinkentay otirik isenimsizlikti keltirp shıgaradı. Sonın ushın otirik soyleudi baskalarga  zıyanı jetpeytindey kılıp aytın.

***12-18.*** Xar sapar jakınlarınızdan bir narseni sır tutmakshı bolasız, birak oziniz kıynalasız. Jakınlarınız ushın aytılgan otiriktida epley almaysız. Akterlık kabiletin uyrenesiz.  Jaman ***bolmaydı.***

***19-25.*** Sizdi AYGAKShILAR mektebine  xesh kashan almasa kerek. Kıyın jagdayga  tusinip kalsanız otirik solep shıgıp kete almaysız, bugan xareket etip xam otırman.  Kanday bolsanız sondaylıgınsha kalın.

Sizdi jakınlarınız otirik soyleu almaslıgınız ushın jaksı koredi. Sonday eken  ozinizdi ozgertiuge urınban.

## 2.3. «Ko`p so`yleysizbe? testi

1.Siz benen bir kisi bir kitaptı almastırmakshı, siz bolsa kitaptı bermey okpeletginiz xam kelmeydi, bugan birar sebep taba alasızba?

2. Ulken jıynalısta ortaga shıgıp soyleude uyalasızba ?

3. Sizdi urıskanda ozinizdi jogaltıp koyasızba ?

4. Televizorda viktorina korip otırıp barlık soraularga turı juuap beresizbe yaki jokpa ?

5. Ozinizdi jaksı bilmeseniz xam ozinizden kishkene balalarga bul mexanizmlerdi kanday isleuin tusindirip beretugın ediniizbe ?

6. Sizdi kimdir okpeletse ogan munasip juuap bere almaganınızdan kıynalasızba ?

7.Birer auır sorauga juuap beriu ushın entsiklopediyadan paydalansızba?

8. Jim turgandan kore auızga kelgen sozlerdi aytıp juuap beriu kerek dep oylaysızba ?

9. Eger dukanda satıushı KANTIMIN kate berse daulasızba ?

10. İmtixanlarda kagazga karama auızeki juuap beriu tez-tez bolıp turadıma ?

11. Shaxmatı jaksı koresizbe ?

12. Saubet kezinde akırgı sozde xamiyshe oziniz ayaktaysızba ?

| № | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| aua | 1 | 0 | 0 | 1 | 1 | 0 | 0 | 1 | 1 | 1 | 0 | 1 |
| yak | 0 | 1 | 1 | 0 | 0 | 1 | 1 | 0 | 0 | 0 | 1 | 0 |

**Na`tiyjeler: *8-ball*** 0 den jokarı

Tabiyatan uyalmaslık sizgen say kasiyet, bul sizge keregi menen artıksha urıssa sogan karsı juuap kaytarasız. Sorau berse juuapsız kalmaydı, ashıgı siz benen iktıyatkarana katnasta bolıu kerek. Ulıuma alganda kop soyleudi jaktırasız, birak bunı kemshilik dep bolmaydı. Birak sozleringizdin xammesi turı bola bermeydi.

***4-8*** tuurı kelgen sozdi soyley bermey akmaktay koriniudi jaktırmaysız. Sol sebepli ozinizdi jaksı bileyin xam bugan iseniminiz jaksı biletin xam bugan

iseniminiz kamil maselelerdi soyleysiz. Bun anıklak uzaktı kore alıu xam jaksı tarbiyanın axmiyeti.

***4- baldagı test***. Siz uyashaksız yaki ozinizge tola isenbeysiz, soylep atırganınınzda xamme sagan dıkkat penen tigilip karat atırganday boladı. İnsan alemdegi barlıek janzatlardın ishinde in san soyleu kabiletliligi atkarıp turadı, sol ushın soz kelgende uyalmay soylen.

## 2.4. «Ashıq kewillisizbe?» testi

1. Tanıs emes insanlar menen saubetlesiudi jaktırasızba ?
   a. Yaq
   b. Awa
   v. Biytanıs kisilerden kashaman
2. Doslar ortasında otırganınızda xazillesip latipalar aytasızba ?
   a. awa
   b. yaq
3. Oziniz kosıp aytıp juresizbe ?
   a. yaq
   b. awa
4. Eger doslarınız dem alıuga shıgıuga shakırsa siz adette
   a. oylanıp otırmastan razı bolaman
   b. yaq juwabın beremen
   v. bir kararga keliuden aldın kimler keliuin anıklap alasız.
5. Jalgızlıktı unatasızba ?
   a. awa
   b. yaq
   v. waktı-waktı menen jalgız otırıw kerek
6. Biytanıs kalada kerekli uydi taba alasızba ?
   a. uydi tappagansha aylanıp juresiz. Jolawshılardan jol soramaysız
   b. pukaralardan joldı sorastırıp alasız
   v. sol jerdin kartasın satıp alıp sol jardeminde uydi izleuge tusemen

7. Adete kay tarizde kulesiz ?

a. Aste

b. Dauıs shıgarıp

v. Juda kem

8. Jarkın juzege say kiyimlerdi kiyisizbe ?

a. Aua

b. Magan unap kalsa

v. Jok kiyimlerden tınık renlerdi jaksı koremen

9. Miymanlardın birinin kiyiminin bulıngınlıgın korip kaldınız, ogan bunı aytasızba?

a. Aua, albette

b. Jok

v. İtimal

10. Dıkkat  orayında bolıudı kaleysizbe ?

a. ayrım jagdaylarda

b. Men ushın bul omirdey zarur

v.  Kobinshe shette turıudı kaleymen

| № | A | B | V |
|---|---|---|---|
| 1 | 1 | 3 | 2 |
| 2 | 3 | 1 | |
| 3 | 1 | 3 | |
| 4 | 3 | 1 | 2 |
| 5 | 1 | 3 | 2 |
| 6 | 1 | 3 | 2 |
| 7 | 2 | 3 | 1 |
| 8 | 3 | 2 | 1 |
| 9 | 3 | 1 | 2 |
| 10 | 2 | 3 | 1 |

Natiyjeler

***13 balga deyin –*** siz oz ishki  dun`yanızdın esebine  jasaysız, onın ishinde Jana kush toplay alasız- birak baribir  oziniz menen bolman omir alemi tek onın esigin asha biliuiniz kerek.

***14-25 ball .*** Siz bos uakıtınızdı doslar ortasında otkeriudi jaktırasız. Birak omirinizdin auır kezlerinde  kushke tolık ushın jalgız  kalıuga urınasız.

***26-30 ball.*** Siz  ashık keuil insansız,  xar dayım Jana korinisler izlep juresiz.  Tauekel kılıudan shoshımaysız, barii albette omir ushın kauipli emes.

## Juwmaqlaw.

Juwmaqlap aytqanda psixolog konsul`tanat- o`zinin` jeke jumıs waqtın tuwrı rejelestiriwi maqsetke muwapıq boladı. Da`slep o`z xızmetinin` ma`jbu`riyatların, sheberligin ta`jriybesin ta`miyinleytug`ın jumıs ta`rtibin du`ziwi tiyis. Sonnan ku`nlik jumıs waqtının` 10% in ma`sla`ha`t o`tkeriwge tayarlıq ko`riwge sarıplasa, 50% in klientler menen islesiwge, 20%in jeke ka`siplik ta`jriybesin asırıwg`a ajıratıwı tiyis. Psixolog - konsul`tanttın` tuwridan-tuwri ma`sla`ha`t beriw ha`m tikkeley ma`sla`ha`t beriw tu`rleri bar. Ma`sla`ha`t beriw orayinda barqulla psixolog ha`m ma`sla`ha`t berilip atirg`an shaxstin` o`z-ara ta`sir etiw protsessii, olar arasindag`i isenimli mu`na`sebetlerdi ornatiw kiredi. Bunda psixolog ma`sla`ha`t beriwshi, oqitiwshi, ata-ana,ma`sla`ha`t beriliwshi, oqiwshi klient rolinde boladi.  Psixolog aniq oqiw mekemelerindegi oqitiwshilar ha`m oqiwshilar arsindag`i mu`na`sebettin` unamli ha`m unamsiz ta`replerdin rawajlanatug`in sotsial ortalig`inin` ishinde boladi.

Ka`siplerdin` o`zine say talapları bolg`anlıg`ı sebepli, onı orınlawda da xızmetkerden belgili bir sıpatlardı talap etedi. Mısalı, bazıbir ka`sip tu`rlerinde shaqqanlıq ju`da` kerekli sıpat bolsa, al bazıbir ka`sip tu`rinde shaqqanlılık ornına shıdamlılıq, a`ste ha`reket etiw payda beredi. Mine usı ko`z-qarastan kelip shıg`ıp, xızmet protsessin orınlawdag`ı belgiler onın` xarakterine aralasıp, sin`ip barıw halatları ko`rinedi.

«Deformatsiya» so`zi latın tilinen alınıp, sırtqı ortalıq ta`siri astında shaxs xarakterinin` o`zgeriwi degen ma`nisti an`latadı. Ol fizikalıq ha`m psixologiyalıq jaqtan o`zgeriske ushırawdı bildiredi. Ka`siplik deformatsiya ha`m ka`siplik qa`liplesiw basqıshları turmıs jolı menen muwapıq ta`rizde ko`rilip shıg`ıladı. Psixologlar tiykarınan xızmet mazmunına qaray 2 tu`rge ajıratıladı. Olar a`meliyatshı psixolog ha`m teoretik psixolog. Demek, psixologlar eki tu`rge bo`linse, onda mektepke qanday psixolog kerek, a`meliyatshi ma yamasa teoretik psixolog pa? Degen soraw tuwıladı.  Mektepte o`zlerin psixolog dep esaplaytug`ın qa`nigeler menen sa`wbetleskeimizde olardın` teoretik yamasa a`meliyatshı psixolog ekenliklerin ajıratıwımız mu`mkin. Demek, bu`gingi ku`n mektep a`meliyatın a`meliyatshı psixologtın` jumısı tolıq qanaatlandıradıma yamasa teoretik qa`biletke iye bolg`an psixolog qa`nigeler me?

Psixolog alımlar N.V.Bachmanov ha`m N.A. Stafurinlar ta`repinen o`tkerilgen «Eksperet sorawnama»sı na`tiyjesinde psixologlarda jetekshi ha`m a`hmiyetli bolg`an ka`siplik sıpatlardın` biri- bul, ha`r qanday mashqalanı a`meliyatta qarım-qatnas protsessinde sheshe alıw qa`bileti yag`nıy qarım-qatnastag`ı talantlılıq belgilsi ekenligi anıqlandı.

Teoriyalıq psixologiyada a`meliy psixologiya menen baylanıslı bolmag`an pikirler gu`resi boladı. Onda shaxs psixologiyası anotomiyalıq ko`riste u`yreniledi yag`nıy psixologiyalıq protsessler, xızmetler tu`rleri tiykarında qarap o`tiledi. Teoretik psixolog ja`miyette insan faktorının` o`zine ta`n bolg`an ta`replerin analizlep barıw arqalı izertley otırıp a`meliyatqa jetispey turg`an ideyalardı, bilimlerdi, ta`rtip-qag`ıydalardı islep shıg`ıp beredi. Al, a`meliy psixologiya bolsa teoriyalıq bilimlerdi a`meliyatta hızmet protsessinde, birge islesiw protsessinde sheberlik penen orınlawdı ta`miyinleydi. Sonlıqtan bu`gingi ku`n mekteplerimizde a`meliyatshı psixologlarg`a bolg`an talap joqarı.

**Paydalanılg`an a`debiyatlar:**


1. I.A.Karimov. Barkamol avlod Uzbekiston tarakkietining poydevori. T. 1997. 63 b.
2. I.A.Karimov. Wzbekiston XXI- asrga intilmoqda. T.1999 48 b
3. I.A.Karimov. Barkamol avlod orzusi. T. 1997
4. Karimov I.A. Wzbekiston buyuk kelajak sari. T.: Wzbekiston, 1998.
5. Gil`bux Yu.Z. Psixodiagnostika v shkole. - M.1989 - 80 s.
6. Gurevich K.M. Professional`naya prigodnost` i osnovnie svoystva nervnoy sistemi. M.: Nauka, 1970. s.272.
7. Dubrovina I.V. Shkol`naya psixologicheskaya slujba: Voprosi teorii i praktiki. M. 1991. 232 s.
8. Davletshin M.G. va boshk. Esh davlar va pedagogik psixologiya. T. 2004.
9. Davletshin M.G., Tuychieva S.M. Umumiy psixologiya. T. 2002.
10. Dubrovina I.V. Individual`nie osobennosti shkol`nikov. M.1995.
11. Enikeev M.I. Obshaya i sotsial`naya psixologiya: uchebnik dlya VUZov. M.: NORMA, 2002. – 624 s.
12. Jakbarov M. Komil inson 2oyasi. T.2002.
13. Karimova V. Psixologiya. T. 2002.
14. Martin D. Psixologicheskie eksperimenti. Sekreti mexanizmov psixiki. SPb2004 –

15. Nemov R.S. Psixologiya. 3 tom. M.: R
16. Nemov R.S. Prakticheskaya psixologiya: Poznanie sabya. Vliyanie na lyudey: Posobie dlya uchash. – M.: Gumanit. Izd. Tsentr VLADOS,1998-
17. Nishanova Z.T. Oliy maktab psixologiyasi. T. 2003.
18. Nishanova Z.T.Psixologik xizmat. T. 2006 y.
19. Nishanova Z.T. Psixologik maslahat. 2001 y.
20. Petrovskiy A.V. Vozrastnaya i pedagogicheskaya psixologiya. M.1973.
21. Professional`naya orientatsiya molodyoji. A.D.Sozonov, N.I.Kalugin, A.P.Menshikov i dr. M. 1989.
22. PlatonovK.K. Voprosi psixologii truda. M.: Meditsina, 1970, 264 s.
23. Stolyarenko L.D. Pedagogicheskaya psixologiya. Rostov N/D.: Feniks, 2000.
24. Xoxlova Z. Talabalar uchun psixologiyadan topshiriqlar. T. 2002 y.
25. Shadrikov V.D. Problema professional`nix sposobnostey. Psixologicheskiy jurnal. T. 1982 g. № 5.
26. Goziev E.Psixologiya: (Yosh davrlari psixologiyasi): T.: 1994
27. Goziev E. Umumiy psixologiya. – T.: Wqituvchi. 2000.
28. Goziev E. Mamedov K. Kasb psixologiyasi. T. 2003 y.
29. Kodirov B. R., Kodirov K.B. Kasbiy tashxis metodikalar twplami. T. 2003 y.
30. www.library.com. Interner kutubxona

www. Expert. psychology.ru

www. Referat.ru

www. Zadarya. Freenet. Uz.